doon na la doy rekk nga def nii say loxo" mu dóor ay loxoom ci suuf benn dóor, daal di masaa càmmooñam ci kaw ndayjoor bi, ak bitti ténq yi ak kanam gi

Jële nañu ci Ammaar ibn Yaasir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da maa yónni ci jenn aajo, ma am janaba te amuma ndox, ma xalangu ci suuf si kem ni daaba di xalangoo, ma ñëw ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, nettali ko loolu, mu ne ma: "doon na la doy rekk nga def nii say loxo" mu dóor ay loxoom ci suuf benn dóor, daal di masaa càmmooñam ci kaw ndayjoor bi, ak bitti ténq yi ak kanam gi.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa yónni Ammaar ibn Yaasir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- ci benn tukki ngir lenn ci ay aajoom, mu ame janaba ci sëy walla ci génne maniyu ci bànneex, te amul ndox mumu sangoo, Te xamul woon àttey tiim ngir janaba, waaye ngir toj gu ndaw ci la ko xamoon, Mu góor-góorlu yaakaar ne kem ni muy masaaye kanamam ci suuf ak yenn céram ci toj gu ndaw, kon tiim ngir janaba fàww mu matale yaram wépp suuf; ngir nattale ko ak ndox, mu xalangu ci suuf ba yaram wépp daj mu daal di julli, Ba mu ñëwee ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, mu nettali ko loolu; ngir xam ndax li mu def noonu la walla déet? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-leeralal ko na ka lay laabe ci ñaari toj yi, gu ndaw gi niki saw, ak gu mag gi niki janaba: te mooy mu dóor ñaari loxoom ci suuf benn dóor, daal di masaa càmmooñam ci kaw ndayjoor bi,ak bitti ténq yi ak kanamam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3461